



Pou Piblikasyon Imedya: 28/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU SIKLÒN IAN

"Pandan siklòn Ian frape kòt Florid la, mwen rejwenn tout Nouyòkè yo nan lapriyè pou sekirite ak byennèt chak moun ke tanpèt terib sa a pral afekte.

Pou ede avèk efò sekou yo, mwen te mande Gad Nasyonal Lame New York la pou voye de elikoptè CH-47F Chinook ak 11 manm sèvis pou ede Gad Nasyonal Florid epi bay sipò ayeryen jan sa nesesè. Yo te kite Enstalasyon Sipò pou Avyasyon Lame 3 nan Ayewopò Entènasyonal Frederick Douglass Greater Rochester a epi yo pral rive nan Jacksonville, Florid.

Nou rekonesan pou ewoyis Nouyòkè sa yo k ap reponn apèl devwa, ansanm ak efò ekstraòdinè tout premye sekouris k ap travay kounye a pou bay èd ak sipò pou moun Florid yo. New York ap toujou kanpe epi ede vwazen nou yo nan yon moman bezwen".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418